

## MIZAJOU ENPÒTAN NAN GID LWA LOKAL #1 ANE 2004 POU PRATIK TRAVAY YO

(mizajou septanm 2020)

Lwa lokal 1 ane 2004 la egzije pou tout pwopriyetè suiv epi kenbe prèw kote yo te itilize pratik travay sekirite pou tout travay reparasyon nan yon lojman oubyen yon espas abitasyon komen kote gen yon timoun ki gen pi piti pase sis (6) lane ki abite la, lè gen plis pase (2) de mètr kare (oubyen dis (10) pousan nan sifas total zòn ti konpozan an) ki gen penti ki fèt abaz plon oubyen ak yon kantite plon yo pa konnen nan penti a ki deranje. Sa ap aplike pou bilding ki konstwi anvan 1960 kote lwa yo di gen yon penti ki fèt abaz plon, oubyen bilding ki konstwi ant 1960 ak 1978 kote pwopriyetè an konnen gen penti ki fèt abaz plon.

### Tanpri konnen chanjman anba yo pou Lwa Lokal #1 ki kòmanse aplike pa twò lontan sa, pandan w ap revize Gid Lwa Lokal #1 ane 2004 pou pratik travay yo:

1. Apati 1ye janvyè 2020, definisyon "rezide" vle di kounya yon timoun ki gen pi piti pase sis (6) lane ki ap viv nan yon lojman ki nan yon bilding ki fèt anvan 1960, OUBYEN yon timoun ki gen pi piti pase sis (6) lane ki pase souvan (10) dis èdtan oubyen plis nan yon lojman ki konsa.
2. Lwa Lokal 31 ane 2020 an, ki rantre an aplikasyon 9 out 2020, deklare yon pwopriyetè dwe sèvi ak yon Enspektè Ajans Pwoteksyon Anviwònman sètifye (Environmental Protection Agency, EPA) oubyen yon evalyatè ris, endepandan ak pwopriyetè a oubyen ak tout antrepriz yo anplwaye pou l fè travay reparasyon ki konsène penti ki fèt abaz plon, pou l vin teste si genyen penti ki gen plon nan tout lojman an. Enspeksyon an dwe fèt nan yon delè senk (5) lane apre lwa a kòmanse aplike (Apati 9 out 2025) oubyen nan yon delè yon (1) lane si gen yon timoun ki gen pi piti pase sis (6) lane ki abite nan inite a (pi bonè ap pi bon).

### Tanpri revize Gid sa nèt pou w ka konnen egzijans ki gen rapò ak tretman sifas yo pentire si bilding ou an te bati anvan 1960, oubyen si bilding ou an te konstwi ant 1960-1978 epi ou okouran gen yon penti ki fèt abaz plon nan bilding la.

**Nòt ki konsène sifas kote fenèt ak pòt yo ap fwote:** Menm si li pa obligatwa pou diminye sifas yo nan sityasyon kote gen yon vyolasyon sou sa ki konsène penti ki fèt abaz plon (sèlman pou repare yo), yo dwe trete yo yon fason pou yo pa kreye oubyen pèmèt li kenbe sifas ki fè lyezon yo, sinon y ap konsidere l tankou yon non-respè. Kòm sifas kote fenèt ak pòt yo fwote yo dwe diminye nan moman renouvèlman an, HPD ankouraje pwopriyetè yo anpil pou yo diminye sifas ki ap fwote yo chak fwa yo konstate gen yon vyolasyon pozitif sou kesyon penti ki fèt abaz plon. Sa ap pèmèt gen yon apatman ki pi an sekirite epi diminye kantite tès pozitif ak plon lè w ap fè tès yo jan Lwa Lokal 31 an mande sa.

Si w gen kesyon sou kijan travay penti ki fèt abaz plon dwe fèt, ou kapab kontakte Enspeksyon Penti Abaz Plon HPD a (HPD's Lead Based Paint Inspection) nan (212) 863-5501 oubyen vizite [Paj Wèb HPD a ki baze sou penti abaz plon](#).

Gen mizajou anplis konsènan chanjman ki fèt sou egzijans ki gen rapò ak penti ki fèt abaz plon epi sou responsablite jeneral pwopriyetè yo pou antretyen an ki disponib sou [Paj wèb HPD ki konsakre ak Kalite/Sekirite lojman yo](#).